



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 7 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO LANCE ENVESTIGASYON NAN PLAN 'AVANS PANSYON' KI METE GRANMOUN AK ANSYEN KONBATAN MILITÈ NAN SITIYASYON RISKE

Depatman Sèvis Finans Asiyen Konpayi Kap Fè Abi sou Retrete ak Ansyen Konbatan Militè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia li mande Depatman Sèvis Finans (DFS) pou lanse yon investigasyon sou 'avans pansyon' – ki se pwodi finansye ki pèmèt konpayi preleve peman pansyon yon retirete annechanj yon sèl vèsman kèk santim pou chak dola. Anba direksyon Gouvènè a, DFS te voye jodi a asiyasyon pou konparèt bay dis konpayi ki enplike nan avans pansyon.

“Konpayi sa yo pratikman ap souse pansyon granmoun, ansyen konbatan militè ki te swe pou pansyon yo, ak lot moun ki travay di nan New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Itilizasyon pratik malonèt pou volè pansyon moun nan bay yo prè ak gwo to entere ilegal pap tolere nan eta nou an. Nenpòt moun kap chèche fè Nouyòkè abi dwe konnen nou pral itilize tout mwayen nou genyen pou pouswiv yo agresivman epi stope fwod sa.”

Benjamin M. Lawsky, Sipèentandan Sèvis Finans yo, te di konsa, “Avans pansyon pa lòt bagay pase prè sou salè nan degize nan rad tibrebi. Plan pou preleve pansyon ki frape retirete pyeje finansyèman ak enterè wo tankou syèl la ak frè kache pa akseptab ditou. Li patikilyèman deranjan pou ansyen konbatan militè yo – ki te genyen pansyon yo nan defann peyi nou an – ki sanble yo sible atravè pwodi abizif sa yo.”

Nan yon plan avans pansyon, yon retirete siyen pou remèt yon pòsyon nan peman pansyon li resevwa regilyèman chak semèn ouben chak mwa bay yon konpayi annechanj yon sèl vèsman alavans. To enterè anyèl efektif la pou avans pansyon sa yo ka pafwa depase 100 pousan – sa ki manje yon gwo pòsyon nan valè pansyon yon retirete. Anplis, nan yon devlopman patikilyèman deranjan, konpayi ki ofri pwodi sa yo parèt ap sible pansyon ansyen konbatan militè nasyon nou yo.

DFS te voye asiyasyon pou konparèt bay konpayi sa yo:

1. LumpSum Pension Advance
2. Pension Funding LLC

Haitian Creole

3. Pensions Annuities & Settlements LLC
4. Pension Income LLC
5. Cash Flow Investment Partners
6. DFR Pension Funding
7. Veterans Benefit Leverage
8. Voyager Financial Group LLC (Pension4Case/Cash Out My Pension/Buy Your Pension)
9. First American Finance Corporation
10. Investing Forward (Termbrokers LLC)

Gwo investigasyon DFS ap fè nan avans pansyon yo vize pou l detèmine si konpayi sa yo enplike nan fwodouben move zak; vyole lwa sou pre ak enterè eta a; angaje nan fo piblisite, kap twonpe mounouben malonèt sou to ak frè; epi vyole lwa ki entèdi preleve pansyon militè.

Dapre Lwa sou Sèvis Finans New York, DFS gen pouvwa pou li mennen investigasyon nan nouvo pwodi finansye ki pa plase anba lwa sa aktyèlmanouben kontwole yo. Anvan sa, 'pwodi vid' sa yo – tankou avans pansyon – te ka bloke nan dosye regleman yo pa okipe pandan gen kliyan ki viktim.

DFS mande tou prese prese pou tout moun ki sispèk yo viktim yon plan avans pansyon pou yo rele Liy pou Ede Kliyan DFS la nan 1-800-342-3736 pou jwenn èd.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418